



Pou Piblikasyon Imedya: 17/06/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 12 NOUVO SIT VAKSINASYON TANPORÈ POU SÈVI ZÒN KI GEN POUSANTAJ VAKSINASYON KI PI BA YO

Sit yo sible kominote kote pousantaj vaksinasyon an byen anba mwayèn eta a

Done vaksinasyon pa kòd Postal yo anliy kounye a sou [Tablodò](#) a

Tout sit yo ouvri pou vaksinasyon san randevou epi y ap sèvi moun yo nan lòd yo rive a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a 12 nouvo sit vaksinasyon tanporè pral ouvri nan zòn kote done kòd postal yo montre pousantaj vaksinasyon an vreman pi ba pase mwayèn nan tout eta a.

Gras ak pwogrè remakab nou kont viris COVID la, nou te kapab leve prèske tout restriksyon COVID yo epi retounen nan lavi jan nou konnen l lan, men nou gen travay ki rete pou fèt paske nou toujou bezwen vaksinen plis Nouyòkè," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "N ap double aksyon sou kòd postal ki sible yo kote pousantaj vaksinasyon an toujou rete ba yo, epi sit tanporè sa yo se yon testaman sou angajman kontini nou pou asire ke vaksen an disponib epi aksesib pou chak kominote."

Anons jodi a fonde sou angajman New York pou pote vaksen an bay kominote yo nan eta a atravè sit vaksinasyon tanporè yo. Depi 15 janvyè, plis pase 250 sit kominotè tanporè te administre plis pase 90,000 premye dòz nan vaksen kont COVID-19 la.

Jou operasyon yo pou chak nan sit sa yo disponib anba a:

NEW YORK CITY

Mt. Ararat Baptist Church

425 Howard Avenue

Brooklyn, NY

Ouvri: Vandredi 18 jen

Williamsburg Hatzalah Garage

320 Penn Street

Brooklyn, NY

Ouvri: Jedi 17 jen

Fordham Bedford Housing West Farms

999 East Tremont Avenue

Bronx, NY

Ouvri: Jedi 17 jen rive vandredi 18 jen

LONG ISLAND

Northwell Health

1 Marcus Avenue

New Hyde Park, NY

Ouvri: Vandredi 18 jen

CAPITAL REGION

Fort Ann Fire Department

11289 NY-149

Fort Ann, NY

Ouvri: Jedi 17 jen

FINGER LAKES

Monroe County Mobile Vaccine Unit

This site is mobile and will move to different parts of Monroe County

Ouvri: Jedi 17 jen

CENTRAL NEW YORK

Town of Richland Fire Department

30 Phillips Street

Richland, NY

Ouvri: Samdi 19 jen

Victory Fire Department

12009 NY-38

Cato, NY

Ouvri: Jedi 17 jen

MOHAWK VALLEY

Beekman 1802 Mercantile

187 Main Street

Sharon Springs, NY

Ouvri: Samdi 19 jen

NORTH COUNTRY

LaFargeville Central Schools

20414 Sunrise Avenue

La Fargeville, NY

Ouvri: Vandredi 18 jen

WESTERN NEW YORK

Broadway Market

999 Broadway
Buffalo, NY
Ouvri: Jedi 17 jen

Cuba Memorial Hospital

140 West Main Street
Cuba, NY
Ouvri: Vandredi 18 jen

[Tablodò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodò a pou reflekte mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a.

Nouyòkè ki sispèk fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an ka rele kounye a nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye imèl bay Depatman Sante a nan STOPVAXFRAUD@health.ny.gov. Anplwaye liy ijans yo ap achemine plent yo bay ajans envestigasyon ki apwopriye yo pou asire ke Nouyòkè yo pwofite de travay Eta a pou vaksinen tout popilasyon ki elijib la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)